

## Avi sou Dwa, Responsablite ak Sanksyon Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA)

- Avi sa a bay lis dwa ak responsablite pou tout pwogram DTA yo. Ou dwe suiv règ pwogram ou aplike pou yo a.
- Tanpri li paj sa yo epi kenbe yo pou dosye ou.
- Fè DTA konnen si w gen nenpòt kesyon.

### Mwen fè sèman anba sanksyon pou fo temwayaj ke:

- Mwen te li enfòmasyon ki nan fòm sa a, oswa yon moun te li l pou mwen.
- Repons mwen yo nan fòm sa a vrè epi konplè dapre sa mwen konnen.
- Mwen pral bay DTA enfòmasyon ki vrè epi konplè dapre sa mwen konnen pandan entèvyou mwen an ak alavni.

### Mwen konprann ke:

- bay enfòmasyon ki fo oswa pou twonpe se fwòd,
- defòme oswa kache enfòmasyon pou m ka jwenn benefis DTA se fwòd,
- fwòd konsidere kòm yon Vyolasyon Entansyonèl Pwogram nan (IPV), epi
- si DTA panse ke mwen te komèt fwòd, DTA ka pran sanksyon sivil ak kriminel kont mwen.

### Mwen konprann tou ke:

- DTA pral verifeye enfòmasyon mwen bay ak aplikasyon mwen an. Si gen nenpòt enfòmasyon ki fo, DTA ka refize benefis mwen yo.
- Mwen kapab tou sijè a pousuit kriminel paske m te bay fo enfòmasyon.
- Si DTA jwenn enfòmasyon nan men yon sous ki fyab konsènan yon chanjman nan fwaye mwen, montan benefis mwen ka chanje.
- Nan siyen fòm sa a, mwen bay DTA pèmasyon pou verifeye kalifikasyon mwen pou benefis, tankou:
  - Jwenn enfòmasyon nan men lòt ajans etatik oswa federal yo, otorite lojman lokal yo, depatman byennèt yo ki pa nan Eta a, enstitisyon finansye yo, ak Equifax Workforce Solutions (Nimewo Travay la). Mwen bay ajans sa yo pèmasyon tou pou pataje enfòmasyon konsènan kalifikasyon fwaye m pou benefis ak DTA.
  - Si DTA itilize enfòmasyon nan Equifax konsènan revni fwaye mwen fè, mwen gen dwa a yon kopi gratis rapò Equifax mwen an si m mande li nan 60 jou apre desizyon DTA a. Mwen gen dwa pou m kesyone enfòmasyon ki nan rapò a. Mwen ka kontakte Equifax nan: Equifax Workforce Solutions, 11432 Lackland Road, St. Louis, MO 63146, 1-800-996-7566 (gratis).
- Mwen gen dwa a yon kopi aplikasyon mwen an, ki enkli enfòmasyon DTA itilize pou decide sou kalifikasyon fwaye m ak montan benefis yo. Mwen ka mande DTA yon kopi elektwonik aplikasyon ranpli a.

### Kijan DTA pral itilize enfòmasyon m yo?

Nan siyen anba a, mwen bay DTA pèmasyon pou jwenn enfòmasyon nan men epi pataje enfòmasyon konsènan mwen menm ak manm fwaye m yo ak:

- Bank, lekòl, gouvènman, anplwayè, pwopriyetè kay, konpayi sèvis itilite ak lòt ajans pou verifeye si mwen kalifye pou benefis.
- Konpayi elektrik, gaz ak telefòn pou m ka jwenn rabè pou sèvis itilite yo. Konpayi yo pa ka pataje oswa itilize enfòmasyon m yo pou okenn lòt rezon.
- Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè pou enskri m nan Pwogram Heat & Eat la.

Pwogram sa a ede moun jwenn plis benefis SNAP ki posib.

- Depatman Edikasyon Preskolè ak Segondè pou pitit mwen yo ka jwenn manje gratis nan lekòl.
- Pwogram Woman, Infants and Children (WIC) pou nenpòt timoun ki poko gen 5 an oswa pou yon fanm ansent nan fwaye m kapab jwenn WIC.
- Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS), pou verifye estati imigrasyon mwen. Enfòmasyon ki soti nan USCIS ka afekte kalifikasyon fwaye mwen ak montan benefis DTA yo.  
*Remak: Menm si ou pa kalifye pou benefis akòz estati imigrasyon ou, DTA pa pral repòte w bay otorite imigrasyon sof si ou montre DTA yon òdonans final pou depòtasyon.*
- Depatman Revni (DOR) pou verifye kalifikasyon m pou kredi taks ki baze sou revni, tankou revni ki fèt nan travay ak revni limite, epi pou wè si mwen kalifye pou “Estati San Taks” oswa estati difikilte.
- Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) pou kowòdone sèvis DTA ak DCF ke yo ofri ansanm.

### **Kijan DTA itilize Nimewo Sekirite Sosyal (NSS) yo?**

DTA gen otorizasyon pou mande NSS dapre Lwa 2008 sou Alimantasyon ak Nitrisyon (7 U.S.C. 2011-2036) pou SNAP ak dapre M.G.L. c. 18 Seksyon 33 pou TAFDC ak EAEDC. DTA itilize NSS yo pou:

- Verifye idantite ak kalifikasyon chak manm fwaye mwen aplike pou li a atravè pwogram pou matche done.
- Kontwòle konfòmite ak règ pwogram yo.
- Kolekte lajan si DTA di ke mwen te resevwa benefis mwen pa t kalifye pou yo.
- Ede ajans polis yo kenbe moun ki nan kache pou lalwa.
- 

Mwen konprann ke m pa oblije bay DTA NSS okenn non-sitwayen Ameriken nan fwaye mwen, ki enkli mwen menm, ki pa aplike pou benefis. Revni yon non-sitwayen ka konte menm si non-sitwayen an pa resevwa benefis.

### **Dwa a yon Entèprèt**

Mwen konprann ke:

- Mwen gen dwa a yon entèprèt pwofesyonèl gratis ke DTA bay si m prefere kominike nan yon lòt lang ki pa Angle.
- Si m gen yon odyans ak DTA, mwen ka mande DTA pou ban mwen yon entèprèt pwofesyonèl gratis, oswa si m pi pito, m ka vini ak yon moun ki pou entèprete pou mwen. Si m bezwen pou DTA ban mwen yon entèprèt pou yon odyans, mwen dwe rele Divizyon Odyans lan omwen yon semèn anvan dat odyans lan.

### **Dwa pou Enskri pou Vote**

Mwen konprann ke:

- Mwen gen dwa pou m enskri pou vote atravè DTA.
- DTA pral ede m ranpli fòm aplikasyon pou enskripsyon sou lis elektoral la si m bezwen èd.
- Mwen ka ranpli fòm aplikasyon pou enskripsyon sou lis elektoral la an prive.
- Aplike pou enskri oswa refize enskri pou vote pa pral afekte benefis DTA mwen yo.

### **Opòtinite Travay**

Mwen dakò ke DTA ka pataje non ak enfòmasyon kontak mwen ak founisè travay ak fòmasyon yo, ki enkli:

- Founisè SNAP Path Work oswa espesyalis DTA pou kliyan SNAP; ak
- Founisè Travay ak Fòmasyon sou Kontra oswa Travayè ak Angajman Plen pou kliyan TAFDC.

Kliyan SNAP ka patisipe volontèman nan sèvis edikasyon ak fòmasyon pou travay atravè pwogram

## Estati Sitwayènte

Mwen fè sèman ke tout manm nan fwaye m k ap aplike pou benefis DTA swa se sitwayen Ameriken, swa non-sitwayen Ameriken ki rezide legalman.

## Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemanchè

### Mwen konprann ke:

- DTA jere pwogram SNAP nan Massachusetts.
- Lè m ranpli yon aplikasyon ak DTA (nan telefòn, an liy, an pèsòn, oswa pa lapòs oswa faks), DTA gen 30 jou apati dat li te resevwa aplikasyon m nan pou deside si m kalifye.
  - Si m kalifye pou SNAP akselere (ijans), DTA dwe ban mwen SNAP epi fè si ke mwen gen yon kat Benefis Transfè Elektwonik (EBT) nan 7 jou apati dat yo te resevwa aplikasyon m nan.
  - Mwen gen dwa pou m pale ak yon sipèvizè DTA si:
    - DTA di ke m pa kalifye pou benefis SNAP ijans, men m pa dakò.
    - Mwen kalifye pou benefis SNAP ijans, men m pa resevwa benefis mwen yo nan jou 7 apre m te aplike pou SNAP.
    - Mwen kalifye pou benefis SNAP ijans men mwen pa jwenn kat EBT mwen an nan jou 7 apre mwen te aplike pou SNAP.
- Lè m resevwa SNAP, m dwe respekte sèten règ. Lè yo apwouve m pou SNAP, DTA pral ban m yon kopi bwochi "Dwa Pou Konnen" ak bwochi Pwogram SNAP la. Mwen pral li bwochi yo oswa fè yon moun li yo pou mwen. Si m gen nenpòt kesyon oswa m bezwen èd pou li oswa konprann enfòmasyon sa yo, mwen ka rele DTA nan 1-877-382-2363.
- **Enfòmè DTA sou chanjman ki fèt lakay mwen:**
  - Si m se yon fwaye Rapò SNAP Senplifye, mwen pa oblije rapòte pifò nan chanjman yo bay DTA jiskaske delè pou Rapò Pwovizwa oswa Resètifikasyon an rive. Sèl bagay mwen dwe rapòte pi vit se:
    - Si revni fwaye m depase limit revni brit la (ki endike nan avi apwobasyon mwen an).
      - Mwen dwe rapòte sa anvan 10èm jou nan mwa a apre mwa revni m nan te depase limit la.
    - Si m dwe respekte Règ Travay pou Adilt Kapab San Depandan (ABAWD) epi lè travay mwen yo tonbe pi ba pase 20 èdtan pa semèn.
  - Si tout moun nan fwaye m gen 60 an oswa plis, andikape, oswa poko gen 18 an, epi okenn moun pa gen salè travay, sèl bagay mwen dwe rapòte se:
    - Si yon moun kòmanse travay, oswa
    - Yon moun ajoute nan oswa kite fwaye mwen.
      - Mwen dwe rapòte chanjman sa yo anvan 10èm jou nan mwa apre mwa chanjman an.
  - Si m resevwa SNAP atravè Benefis Altènatif Tranzisyonèl (TBA) paske TAFDC mwen te sispann, mwen pa oblije rapòte okenn chanjman bay DTA pou 5 mwa mwen resevwa TBA.
  - Si mwen resevwa SNAP atravè Bay State CAP, mwen pa oblije rapòte okenn chanjman bay DTA.

Si mwen menm ak tout moun nan fwaye m resevwa asistans lajan (TAFDC oswa EAEDC), mwen dwe rapòte sèten chanjman bay DTA nan 10 jou apre chanjman an. Gade **Ki lè m bezwen enfòmè DTA sou chanjman nan fwaye m** dapre **Èd Tranzisyonèl pou Fanmi ak Timoun Depandan (TAFDC)** ak **Èd Ijans pou Granmoun Aje, Andikape ak Timoun (EAEDC)** ki anba a.

Mwen ka resevwa plis benefis SNAP si m rapòte epi bay DTA prèv pou bagay sa yo nenpòt lè:

- Depans swen pou timoun oswa lòt depandan, depans pouabri, ak/oswa depans pou sèvis itilite;
- Sipò pou timoun ke mwen (oswa yon moun lakay mwen) legalman oblije peye yon moun ki pa manm nan fwaye a; ak
- Depans medikal pou manm nan fwaye m nan, enkli mwen menm, ki gen 60 oswa plis oswa ki andikape.

**Règ travay pou kliyan SNAP:** Si w resevwa benefis SNAP epi ou gen ant laj 16 ak 59 an, ou ka bezwen respekte règle travay jeneral SNAP yo oswa règle travay ABAWD yo sof si ou gen egzansyon. DTA pral enfòm mwen menm ansanm ak manm fanmi mwen si nou bezwen respekte nenpòt Règ Travay, kisa egzansyon yo ye, ak sa ki pral rive si nou pa respekte règle yo.

Si w anba Règ Travay SNAP:

- Ou dwe enskri pou travay pandan aplikasyon an ak lè w resètifye pou SNAP. Ou enskri lè ou siyen aplikasyon SNAP la oswa fòm resètifikasyon an.
- Ou dwe bay DTA enfòmasyon sou sitiyasyon travay ou lè DTA mande li.
- Ou dwe prezante kote yon anplwayè si DTA refere w.
- Ou dwe aksepte yon òf travay (sòf si ou gen yon rezon valid pou pa fè sa).
- Ou pa dwe kite yon travay ki gen plis pase 30 èdtan pa semèn san yon rezon valid.
- Ou pa dwe redui nan lè travay ou pou mwens ke 30 èdtan pa semèn san yon rezon valid.

### Règ SNAP

- Pa bay fo enfòmasyon oswa kache enfòmasyon pou ka jwenn benefis SNAP.
- Pa fè echanj oswa vann benefis SNAP.
- Pa modifye kat EBT yo pou ka jwenn benefis SNAP ou pa kalifye pou yo.
- Pa itilize benefis SNAP pou achte bagay ki pa kalifye, tankou bwason alkolize ak tabak.
- Pa itilize benefis SNAP oswa kat EBT yon lòt moun sof si ou se yon reprezantan otorize, oswa benefisyè a te ba ou pèmasyon pou itilize kat li nan non li.

### Avètisman Sanksyon SNAP

Mwen konprann ke si mwen menm oswa nenpòt moun nan fwaye SNAP mwen entansyonèlman vyole nenpòt nan règle ki endike anlè yo, moun sa a pa pral kalifye pou SNAP pou *yon ane* apre premye vyolasyon an, *dezan* apre dezyèm vyolasyon an epi pou *tout tan* apre twazyèm vyolasyon an. Moun sa a ka peye tou yon amann jiska \$250,000, ale nan prizon jiska 20 an, oswa toulede. Yo kapab tou sijè a pousuit dapre lwa Federal ak Etatik.

Mwen konprann sanksyon sa yo tou. Si mwen menm oswa yon manm nan fwaye SNAP mwen:

- Komèt yon **pwogram lajan** Pwogram Vyolasyon Entansyonèl la (IPV), li pa pral kalifye pou SNAP pou menm peryòd li pa kalifye pou asistans lajan an.
- Fè yon deklarasyon fwòd sou idantite oswa rezidans li pou resevwa plizyè benefis SNAP alafwa, li pa pral kalifye pou SNAP pandan **dizan**.
- Fè komès ak (achte oswa vann) benefis SNAP pou yon sibstans kontwòle/dwòg ilegal (yo), li pa pral kalifye pou SNAP pou **dezan** pou premye dekouvèt la, epi pou tout tan pou **dezyèm** dekouvèt la.
- Fè komès ak (achte oswa vann) benefis SNAP pou zam afe, minisyon oswa eksplozif, li pa pral kalifye pou SNAP **pou tout tan**.
- Fè yon òf pou vann benefis SNAP oswa yon kat EBT an liy oswa an pèsòn, Eta a ka pousuiv yon IPV kont li.
- Peye pou manje ki te achte a kredi, li pa pral kalifye pou SNAP.
- Achte pwodui ak benefis SNAP ak entansyon pou jete kontni yo epi retounen resipyan yo pou lajan, li pa pral kalifye pou SNAP.
- Kouri pou evite pousuit, gadavi oswa prizon apre li te fin kondane pou yon krim, li pa pral

kalifye pou SNAP.

- Vyolasyon pwobasyon oswa libète sou kosyon, lè lapolis ap chèche aktivman pou arete li, li pa pral kalifye pou SNAP.

Nenpòt moun ki te yon kriminel kondane apre 7 fevriye 2014 pa kalifye pou benefis SNAP si li se yon kriminel ki nan kache oswa si li vyole pwobasyon oswa libète sou kosyon - nan konfòmite ak 7 CFR §273.11(n) - **epi** te kondane kòm yon adilt pou:

1. Abi seksyèl agrave dapre seksyon 2241 tit 18, U.S.C.;
2. Asasina dapre seksyon 1111 tit 18, U.S.C.;
3. Nenpòt ofans dapre chapit 110 Tit 18, U.S.C.;
4. Yon ofans Federal oswa Etatik ki enplike agresyon seksyèl, jan sa defini nan seksyon 40002(a) VAWA 1994 la (42 U.S.C. 13925a); oswa
5. Yon ofans dapre lwa Etatik ke Pwokirè Jeneral la te jije sanble anpil ak yon ofans ki dekri nan lis sa a.

### Deklarasyon sou Non-diskriminasyon

Nan konfòmite ak lwa federal sou dwa sivil ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Etazini (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki enkli idantite jan ak oryantasyon seksyèl), kwayans relijye, andikap, laj, konviksyon politik, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan yo.

Enfòmasyon sou pwogram nan kapab disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun andikape ki bezwen mwayen kominikasyon altènatif pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp Bray, gwo ekriti, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans (etatik oswa lokal) la kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud, ki pa tande byen oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA atravè Sèvis Federal Relay la nan 1-800-877-8339.

Pou depoze yon plent diskriminasyon kont yon pwogram, yon Plenyan ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòm Plent pou Diskriminasyon nan kad Pwogram USDA a ke moun ka jwenn sou Entènèt nan: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, nan rele (833) 620-1071, oswa nan ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun ki pote plent lan, adrès, nimewo telefòn li, ak yon deskripsyon ekri prezime aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmè Asistan Sekretè pou Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon prezime vyolasyon dwa sivil. Li dwe soumèt fòm AD-3027 ranpli a oswa lèt la nan:

1. **Pa lapòs:**  
Food and Nutrition Service, USDA  
1320 Braddock Place, Room 334  
Alexandria, VA 22314; or
2. **Faks:**  
(833) 256-1665 or (202) 690-7442; oswa
3. **imel:**  
[FNCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov](mailto:FNCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov)

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.

## Èd Tranzisyonèl pou Fanmi ak Timoun Depandan (TAFDC) ak Èd Ijans pou Granmoun Aje, Andikape ak Timoun (EAEDC)

TAFDC ak EAEDC se pwogram asistans lajan. Pou aprann plis ak pou aplike, vizite DTACConnect.com oswa rele biwo DTA lokal ou a. Enfòmasyon sa a aplike sèlman pou fwaye ki aplike pou oswa resevwa TAFDC oswa EAEDC.

### Kilè mwen bezwen enfòmè DTA sou chanjman ki fèt nan fwaye mwen?

Mwen dwe enfòmè DTA sou chanjman ki ka afekte TAFDC oswa EAEDC mwen (benefis lajan) **nan 10 jou**, eksepte mwen pa oblije enfòmè DTA sou yon chanjman nan salè mwen ki mwens pase \$100 pa mwa Sa enkli chanjman nan revni m, adrès mwen, ak ki moun m ap viv, gwosè fwaye, travay, ak asirans sante m.

### Kijan mwen ka jwenn asirans sante?

- Si mwen resevwa TAFDC oswa EAEDC, mwen pral resevwa MassHealth tou.
- Si yo refize m TAFDC oswa EAEDC, MassHealth pral itilize enfòmasyon m yo pou wè si mwen kalifye pou asirans sante.
- Si EAEDC mwen sispann, mwen bezwen aplike pou MassHealth apa. Pou mande yon aplikasyon rele 1-800-841-2900.

Si mwen resevwa MassHealth, mwen dakò ke MassHealth ka kolekte:

- lajan yo dwe m nan yon lòt sous pou swen medikal mwen, ak
- sipò medikal nan men paran absan nenpòt timoun ki poko gen 19 an ki resevwa benefis MassHealth.

### Èske gen règl espesyal si mwen elijib sèlman akòz yon aksidan oswa blesi?

Si fanmi m resevwa benefis nan men MassHealth oswa DTA akòz yon aksidan oswa yon blesi, mwen dwe itilize nenpòt lajan mwen resevwa pou aksidan an oswa blesi a pou ranbouse li. Lajan an ka soti nan yon polisirasans, yon règleman, oswa nenpòt lòt sous. Sa aplike menm si m poko konnen ki sa sous lajan possib yo ye.

Mwen dakò pou kolabore ak MassHealth ak DTA nan:

- Depoze reklamasyon lajan ki soti nan lòt sous.
- Di MassHealth ak DTA tousuit konsènan nenpòt reklamasyon asirans, pwosè, < 2}oswa lòt pwosesispou jwenn lajan.
- Bay MassHealth ak DTA nouvo enfòmasyon lè mwen resevwa yo.

Si m pa kolabore, MassHealth ak DTA ka sispann oswa refize benefis mwen yo. Mwen dakò ke MassHealth ak DTA kapab:

- Pataje enfòmasyon sou benefis mwen yo pou ka kolekte lajan pou ranbouse benefis sa yo.
- Gade tout dosye konsènan lajan mwen ta ka resevwa akòz aksidan an oswa blesi, tankou dosye nan Depatman Aksidan Endistriyèl.

Si mwen resevwa EAEDC paske mwen genyen yon andikap oswa mwen gen plis pase 65 an, mwen dwe aplike pou benefis federal Revni Sekirite Siplemanntè (SSI). Si yo apwouve m pou benefis SSI ki kouvri nan menm peryòd ke mwen te resevwa EAEDC a, Administrasyon Sekirite Sosyal la pral voye kèk nan SSI retwoaktif mwen bay DTA pou ranbouse EAEDC a.

### **Avi enpòtan Konsènan Lalwa ak Benefis Ou yo**

Yon Vyolasyon Pwogram Entansyonèl (IPV) se entansyonèlman bay yon deklarasyon ki fo oswa pou twonpe oswa defòme, kache, oswa kenbe enfòmasyon, swa aloral oswa alekri, nan bi pou etabli oswa konsève kalifikasyon pou benefis TAFDC oswa EAEDC, oswa pou jwenn benefis mwen pa gen dwa a yo.

Si yon tribinal te jwenn mwen koupab de yon IPV, yon odyans pou diskalifikasyon administratif, oswa nan siyen yon egzansyon, m pral diskalifye pou m pa resevwa benefis TAFDC oswa EAEDC pou yon peryòd:

- 6 mwa pou premye vyolasyon an
- 12 mwa pou dezyèm vyolasyon an
- pou tout tan pou twazyèm vyolasyon an

Anplis de sa, lòt lwa kapab aplike.

### **Entèdiksyon sou Acha ak Kat EBT**

Mwen konprann ke li ilegal pou itilize lajan TAFDC oswa EAEDC ki genyen sou yon kat benefis transfè elektwonik (EBT) pou peye sa ki vini apre yo: bwason alkolize; pwodui tabak; tikè lotri; materyèl oswa pèfòmans ki oryante pou adilt; jwèt aza; zam afe ak minisyon; sèvis vakans; tatoo; twou pèse nan kò; bijou; televizyon; estereyo; jwèt videyo oswa konsòl nan magazen pou lwe ak opsyon pou achte; marigwana lwazi; frè ke tribinal òdone; amann; kosyon oswa kòsyònman.

### **Entèdiksyon sou ki Kote mwen ka Itilize Kat EBT Mwen an**

Mwen konprann ke li ilegal pou m itilize kat benefis transfè elektwonik mwen (EBT) nan lokal sa yo: libreri pou adilt; magazen ekipman pou adilt oswa etablisman pèfòmans oryante pou adilt; dilè minisyon; kazino; kazino oswa etablisman jwèt aza; bato kwazyè; machann zam afe; magazen bijou; magazen alkòl; salon maniki oswa boutik estetik; ajans transfè lajan kach nan peyi etranje; magazen mariwana lwazi oswa salon tatouaj.

### **Sanksyon pou acha ak lajan entèdi ak kat EBT**

- **Premye Ofans:** Mwen dwe remèt DTA montan lajan ki depanse a.
- **Dezyèm Ofans:** Mwen dwe remèt DTA montan lajan mwen te depanse a epi mwen pral pèdi benefis lajan kash pou **de mwa**.
- **Twazyèm Ofans:** dwe remèt DTA montan lajan ki te depanse a epi pral pèdi benefis lajan kash **pou tout tan**.